

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nulis (ngarang) nya éta kamampuh maké basa dina widang tinulis. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu penting dina pangajaran di sakola, sabab ku nulis siswa bisa ngaéksprésikeun pikiran kalayan kritis dina ngalatih daya persepsi anu jero.

Kaparigelan nulis anu kaunggel dina Pedoman Pengembangan KBK 2004 jeung KTSP (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan) mata pelajaran Bahasa Daérah nya éta pangajaran Nulis Karangan Éksposisi kelas VII seméster 2.

Kiwari minat siswa kana kagiatan nulis hususna ngarang éksposisi aya kamungkinan kurang hadé lantaran rélatif monoton, henteu ngagunakeun téhnik ngajar nu variatif. Lian ti kitu, téhnik ngajar nu digunakeun ku guru umumna téhnik ngajar tradisional, saperti ceramah jeung méré pancén. Modél-modél anu inovatif arang langka digunakeun saperti, modél CIRC, CTL, jigsaw, jste.

Dina prosés diajar ngajar di sakola, aya tilu léngkah anu kudu diperhatikeun ku guru dina ngokolakeun kagiatan diajar ngajar. Léngkah nu dimaksud téh ngawengku ngararancang pangajaran, ngalaksanakeun pangajaran jeung ngaévaluasi pangajaran (Rahman, 2000:12). Léngkah ngararancang pangajaran mangrupa léngkah anu bakal nangtukeun prosés jeung hasil diajar ngajar. Jadi, upama dina tahap ngararancang pangajaran disusun

kalawan sistematis, tangtu dina tahap ngalaksanakeun jeung tahap ngaévaluasi pangajaran hasilna bakal nyugemakeun.

Numutkeun Sudjana (2002:1), lingkungan diajar ngajar anu diatur ku guru ngawengku tujuan pangajaran, bahan, métodologi, jeung penilaian sakabéhna disebut komponén pangajaran. Guru kudu mahér dina ngokolakeun métode jeung téhnik anu luyu keur nepikeun bahan pangajaran. Aya sababaraha téhnik anu bisa digunakeun dina pangajaran, di antarana nya éta téhnik diskusi, téhnik latihan, jeung, téhnik simulasi. Salian ti éta, aya anu disebut *Téhnik Contextual And Teaching Learning* atawa anu katelahna CTL (diajar sacara kontekstual). CTL téh mangrupa salasahiji konsép diajar matalikeun kaweruh siswa dina kahirupan sapopoé anu ngawengku tujuh komponén utama nya éta konstruktivisme, inquiry, nanya, masyarakat diajar, pemodélan, réfléksi, jeung penilaian. Prosés diajar ngajar ngagunakeun téhnik CTL dipiharep bisa ningkatkeun hasil diajar ku ngaliwatan kualitas, kreativitas, prduktivitas, efisiensi, jeung efektivitas. Aya sababaraha kaunggulan prosés diajar ngajar ngagunakeun CTL di antarana: 1) pikaresepeun 2) siswa aktip, kritis, jeung kréatif 3) siswa ngaragakeun, guru ngalelempeng 4) lolobana pidangan karya siswa 5) gawé bareng atawa diajar ngelompok 6) nganalisis, jeung ngadadarkeun hiji objék. Tina panalungtikan saméméhna geus aya panalungtikan ngeunaan pangajaran nulis karangan éksposisi maké téhnik *Quantum Learning*. Tapi can kapanggih panalungtikan nulis karangan éksposisi maké téhnik CTL. Dumasar kana pedaran di luhur, panalungtikan dina pangajaran nulis karangan éksposisi kudu ditalungtik pikeun ngamekarkeun téhnik CTL.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Luyu jeung kasang tukang, panalungtikan baris ngawatesanan kajian kana Téhnik CTL dina pangajaran nulis karangan éksposisi nu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén di kelas VII siswa SLTP Negeri 15 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah panalungtikan dirumuskeun dina wangun pertanyaan saperti ieu di handap.

1. Naha model pangajaran kontékstual bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi?
2. Sabaraha hasil prates nulis karangan éksposisi?
3. Sabaraha hasil pascatés nulis karangan éksposisi?
4. Naha aya bédana nu signifikan antara prates jeung pascates kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun CTL?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunteun/ngaévaluasi téhnik CTL dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta, saperti kieu.

- 1) Mekarkeun modél pangajaran kontékstual dina kamampuh nulis éksposisi.
- 2) Ngukur hasil prates dina nulis karangan éksposisi.
- 3) Ngukur hasil pascatés dina nulis karangan éksposisi.
- 4) Ngukur kaépéktipan téhnik CTL dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

1.3.3 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa méré sumbangan pikeun sistem pendidikan dina hal milih téhnik pangajaran nulis karangan éksposisi.

1.3.4 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh nya éta:

- 1) Bisa méré gambaran ka guru dina nangtukeun strategi pikeun nepikeun pangajaran nulis karangan éksposisi.
- 2) Bisa ningkatkeun kaparigelan siswa tina pangajaran nulis karangan Éksposisi ku ngagunakeun téhnik CTL, jeung
- 3) Pikeun nambahan hasanah paélmuan strategi diajar ngajar dina ngagunakeun téhnik pangajaran utamana dina nulis.

1.4 Wangenan Operasional

Sangkan teu nimbulkeun salah tafsir, istilah-istilah dina ieu panalungtikan ditétélakeun saperti kieu.

1. *Contextual Teaching And Learning* (CTL) mangrupa salasahiji téhnik diajar nu matalikeun kagiatan diajar ngajarna sacara kontéks atawa situasi ayeuna. Dina téhnik ieu, siswa anu leuwih aktif ti batan guru.
2. Pangajaran Nulis maksudna siswa ngébréhkeun hiji ide poko pikiran, sangkan bisa nepikeun wawasan jeung implenganana.
3. Karangan Éksposisi nya éta karangan nu dijieun ku siswa, eusina ngajéntrékeun hiji pasualan kalawan obyéktif.
4. Studi Kuasi Ékspérimén nya éta métode anu ngan nalungtik variabelna sawaréh sarta cara panalungtikana bisa ku cara pratés jeung pascatés wungkul.

1.5 Anggapan Dasar

Aya opat hal anu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan, nya éta.

1. Pangajaran nulis karangan éksposisi kelas VII kaunggel dina Pedoman KBK 2004 jeung KTSP.
2. Pangajaran nulis bisa ngarojong, ngamekarkeun daya pikir jeung imajinasi anu aktif tur kréatif.

3. Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu perlu dikawasa ku dina enggoning lumangsungna prosés komunikasi sacara langsung.
4. Pangajaran kontékstual mangrupa hiji modél alternatif anu ngabantu prosés diajar ngajar nulis karangan éksposisi di SLTP.

1.6 Hipotésis

Data dina ieu panalungtikan mangrupa data kuantitatif. Hipotésis anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta hipotésis “kerja” (H_a) kalawan rumus:

$H_a: X = Y$: ayana hubungan antara variabel X jeung Y, atawa aya bédana antara X jeung Y.

Hipotésis Kerja dina panalungtikan, nu idéntik kana rumusan masalah:

1. Ngagunakeun modél pangajaran kontékstual bisa ningkatkeun hasil diajar dina nulis karangan éksposisi.
2. Ngagunakeun modél pangajaran kontékstual bisa dipaké dina pangajaran nulis éksposisi kalawan diuji maké pratés.
3. Hasil pascaté sabada ngagunakeun modél CTL bisa ngaéfektifkeun dina pangajaran nulis éksposisi.
4. Ayana béda anu signifikan antara pratés jeung pascaté kamampuh nulis karangan éksposisi.

H_0 (hipotésis nol) nya éta teu aya bédana antara maké téhnik CTL jeung teu maké téhnik CTL.

